

KESANIAN LUDRUK WAYANG WONG DENING PAGUYUBAN CAMPURSARI SABDO BUDOYO ING
DESA JOMBOK KABUPATEN JOMBANG
ANTROPOLOGI SIMBOLIK

ERIK PURNOMO SYUKUR

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Erikpurnomo016@gmail.com

SARINING PANALITEN

Jawa Timur pancen nduweni sawijine kesenian tradhisional kang akeh lan ana fungsine gegayutan kelawan adicara adat sawijining desa, saengga katon pantes dilestarekake lan dijaga sarta dirembakakake. Kesenian Ludruk Wayang Wong yaiku sawijining seni pagelaran budaya tradhisi kang sesambungan karo unsur ludruk lan uga wayang wong. Kajaba saka kuwi, KLWW uga nduweni piguna kang gedhe tumrap masyarakat panyengkuyunge, saengga kesenian ludruk wayang wong iki bisa ngrembaka nganti mbesuke.

Sajrone KLWW sejatine kinandhut makna-makna simbolik kang maneka warna kabudayan nasional supaya bisa kajupuk dadi sawijine panliten. Panliti bisa nyusun underane panliten KLWW, yaiku: (1) kepriye mula bukannya madege KLWW?, (2) apa wae wujud kang ngrenggani sajrone KLWW lan mligine makna simbolike sajrone ubarampe lan paragane?, (3) kepriye tatarakite sajrone KLWW?, (4) piguna apa wae kang kinandhut sajrone KLWW?, (5) Kepriye wujud owah-owahane lan upaya pelestariane pagelaran KLWW?. Panliten iki nduweni ancas, yaiku: (1) kanggo njlentrehake mula bukannya madege KLWW, (2) kanggo ngandharake wujud kang ngrenggani sajrone KLWW lan mligine makna simbolike sajrone ubarampe lan paragane, (3) kanggo ngandharake tatarakite KLWW, (4) kanggo menehi kaweruh babagan piguna kang kinandhut sajrone KLWW, (5) lan kanggo menehi kaweruh babagan wujud owah-owahane KLWW.

Paedahe saka panliten iki, yaiku: (1) panliten iki dikarepake kena kanggo wujud nguri-uri budaya Jawa yaiku babagan kesenian tradhisional (2) panliten iki dikarepake supaya bisa nambah kawasisane pamaos lan panulis supaya luwih mangerteni babagan kesenian tradhisional (3) panliten iki uga nduweni pangajab supaya bisa nggugah panliti liyane, supaya nindakake panliten kang luwih jero babagan kesenian ludruk, jalaran kesenian iki saya ngrembaka. Konsep teori kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku: (1) konsep kabudayan, (2) konsep masyarakat, (3) konsep filosofis, (4) konsep antropologi, (5) konsep semiotik, (6) konsep piguna. Ancangan panliten kang digunakake kanggo niti KLWW iki panliten dheskriptif kualitatif. Dhata lan sumber dhata saka panliten iki arupa gambar lan katrangan lesan saka informan inti lan informan tambahan.

Makna simbolik sajrone KLWW dijlentrehake adhedhasar ubarampe, paraga, lan uga piranti kang digunakake. Makna kang kinandhut sajroning ubarampen (sesajen lan cok bakal) yaiku nduweni pangajab supaya manungsa bisa tumindak kang utama ing ndunya lan akhirate lan diadohake saka bebaya. Fungsi KLWW diperang dadi loro, yaiku: fungsi manifest lan fungsi laten. Fungsi manifest kayata (1) minangka hiburan para warga, (2) sarana panggulawenthah, (3) sarana nguri-uri budaya Jawa, (4) nuwuhake rasa guyub rukun. Fungsi laten kayata: (1) Wong sing seneng mangan ngluwihi jatah, (2) omben-ombenan, (3) paraga kurang sinau.

Tembung Wigati : Kebudayaan, Masyarakat, Semiotik,

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Kabudayan sajrone masyarakat Jawa kuwi bab kang wigati banget. Miturut (Koentjaraningrat, 1985: 180) tegese kabudayan utawa bisa uga diarani kultur kuwi arupa sakabehe pranatane gagasan utawa panemu, panindake, lan asil karyane manungsa sajrone nindakake urip ana ing alam ndonya, kang mengkone bisa ndadekake duweke pribadhi. Sakabehe kabudayan

kang dumadi sajrone bebrayan kasebut sejatine saka reka dayane manungsa anggane nanggapi lingkungane. Manungsa anggane nanggapi lingkungane kanthi nggunakake filsafat lan uga bisa nuwuhake filsafat anyar. Budaya Jawa bisa kasil yaiku saka rekadayane pamikire manungsa kang nduweni tandha utawa yen bahasa Indonesia diarani *simbol* saben budayane, banjur saka pamawase Koesbandrijo uga wus padha karo pamawas kang diduweni dening Koentjaraningrat (1985: 181) kang njlentrehake sakabehe kagiyatane manungsa kuwi minangka bageyan saka kabudayan kang nduweni tandha

utawa diarani simbol sajrone sajrone perkara sing ngandharake babagan konsep tandha utawa diarani simbol lan uga nggunakake teges sing luwih *sistematis*.

Tandha utawa diarani simbol yaiku kalebu wujud kang wiwitan saka kabudayan, jalaran saben bab kang disawang lan ditindakake dening manungsa kuwi sejatine diolah dadi tandha-tandha kang bisa dikaweruhi lan dimangerteni dening manungsa. Padatan tandha utawa sing jenenge simbol kuwi luwih nengenake pikolehe babagan kasampurnane panguripan marang samubarang saengga manungsa bisa mikir lan nduweni mawas dhiru kanggo nemtokake jati dhirine marang Gusti kang Murbeng Dumadi.

Kesenian kejaba minangka sarana nularake rasa kaendahan, uga nduweni fungsi liya-liyane. Tuladhane, kayata mitos. Mitos iki nduweni fungsi minangka kanggo nemtokake norma kang gunane kanggo ngatur utawa nata tumindak supaya nduweni sipat kang ajeg lan kanggo nerusake adat sarta nilai-nilai kabudayan.. Tuladhane wae kang lagi moncer ana ing tlatah Jombang saiki yaiku anane ludruk gagrag anyaran yaiku KLWW. KLWW iki dituwuhake dening para seniman ludruk ing Jombang mligine dituwuhake dening Paguyuban Campursari Sabda Budaya kang dipunpandhegani dening Pak Paisan. KLWW iki kalebu inovasi anyar 2016.

KLWW iki dudu babagan cerita Ramayana utawa Mahabarata, nanging ing kene nggawa cerita babagan sengkala lan murwakala Kanthi anane cerita murwakala sajrone pewayangan kuwi mula pethikan cerita murwakala banjur ditrapake ana ing panguripan sabendinan. Ubarampen gunane yaiku minangka syarat kanggo nindakake upacara ruwatan supaya bocah kang nandang sukerta kuwi bisa owal saka sukertane lan uga nduweni pangajab supaya keluargane bisa kaparingan keslametan dening Gusti Ingkang Murbeng Dumadi. Mula saka kuwi, panliten iki nduweni pangajab supaya bisa menehi makna simbolik tumrap bebrayan arupa masyarakat panyengkuyunge. Bab kang arep ditintangi sajrone panliten iki yaiku ngenani makna simbolike sajrone ubarampe kang digunakake dening KLWW iki. Adhedhasar saka andharan kasebut nduweni guna kanggo nglestarekake utawa nguri-uri kesenian ludruk, panliti nindakake panliten iki kanthi irah-irahan "*KLWW dening Paguyuban Campursari Sabdo Budoyo*" kanthi tintingan *Antropologi Simbolik*. Panliten kanthi judhul kang kaya ngono kuwi isih kalebu tipe panliten kualitatif. Antropologi Simbolik yaiku salah sawijine perangan saka ilmu Antropologi kang ngrembug babagan pranatane tandha sajrone masyarakat (A.Teeuw 2013-38).

UNDERANE PANLITEN

Bisa ditarik underane panliten kang kaya mangkene:

- (1) Kepriye mula bukane madege KLWW?
- (2) Apa wae makna rerenggan sajroning KLWW ?
- (3) Kepriye tata rakit lan tema sajrone KLWW dening Paguyuban Campursari Sabdo Budoyo?
- (4) Fungsi apa kang kinandhut sajrone KLWW dening Paguyuban Campursari Sabdo Budoyo?
- (5) Kepriye wujud owah-owahane pagelaran KLWW dening Paguyuban Campursari Sabdo Budoyo?

ANCASE PANLITEN

Sejatine samubarang panliten iki mesthi nduweni ancas kang bisa menehi fungsi marang sapa wae. Mula panliten iki uga nduweni ancas marang pamaca lan sapa wae. Ancase yaiku kaya mangkene:

- (1) Kanggo njlentrehake mula bukane madege KLWW
- (2) Kanggo ngandharake wujud kang ngrenggani sajrone KLWW
- (3) Kanggo ngandharake tatarakite KLWW.
- (4) Kanggo menehi kaweruh babagan fungsi kang kinandhut sajrone KLWW dening Paguyuban Campursari Sabdo Budoyo
- (5) Kanggo menehi kaweruh wujud owah-owahane kesenian ludruk dening Paguyuban Campursari Sabdo Budoyo

PAEDAHE PANLITEN

Panliten babagan KLWW iki uga nduweni paedah kaya mangkene:

- (1) Panliten iki dikarepake kena kanggo wujud nguri-uri budaya Jawa
- (2) Panliten iki dikarepake supaya bisa nambah kawasisane pamaos lan panulis supaya luwih mangerteni babagan kesenian tradhisional.
- (3) Panliten iki uga nduweni pangajab supaya bisa nggugah panliti liyane, supaya nindakake panliten kang luwih jeru babagan Kesenian ludruk.

WEWATESANING PANALITEN

Panliten iki awujud tinjauan ngenani budaya kang nduweni sipat lan wawasan kang amba tur uga jembar. Ngandharake babagan mula bukane utawa sejarane, banjur wujud kang ngrenggani, banjur babagan tatarakite, lan uga fungsi sajrone KLWW kang dituwuhake dening Paguyuban Campursari Sabdo Budoyo kuwi kang bakal dadi wewatesaning panliten.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

PANLITEN KANG SAEMPER

Panliti kang sepisan yaiku katindakake dening Chatarina Agnes Dina Sari (2014) kanthi judhul utawa irah-irahane yaiku ngenani “ *Kesenian Bantengan Ing Tlatah Kabupaten Kediri lan Kabupaten Mojokerto (Antropologi Simbolik)* ”. Tradhisi iki yaiku nggarap babagan tradhisi kesenian banthengan kanthi awujud mula bukane kesenian iki, banjur anane wujud kang ngrenggani sajroning pagelaran, lan kang ora kalah wigatine yaiku makna lan tatarakite pagelaran kesenian Banthengan. Ing panliten iki yaiku mbandhingake kesenian banthengan antarane Kesenian Banthengan Ing Kediri lan Mojokerto. Sajrone panliten iki nggunakake methodhe Panliten Dheskriptif Komparatif.

Panliti kang kapindo yaiku katindakake dening Hermin Titisnowati (200) kanthi judhul utawa irah-irahane yaiku ngenani “ *Lakon Jaka Sambang Pendekar Gunung Gangsir Ludruk Karya Budaya (Tintingan Struktur Lakon, Struktur Pementasan, dan Fungsi Sosial bagi Masyarakat Pendukungnya)* ”. Tradhisi iki yaiku nggarap babagan pementasan ludruk kanthi lakon Jaka Sambang, ludruk iki kalebu seni tradhisional kang awujud sastra lisan. Panliten iki neliti babagan struktur lakon sajrone ludruk Jaka Sambang, banjur uga mengkaji struktur pementasan lan fungsi sosial tumrap masyarakat kang nyengkuyung. Dadi panliten babagan iki yaiku kanthi nggunakake metodhe kualitatif.

KONSEP KABUDAYAN

Koentjaraningrat (2009:146), ngandharake yen kabudayan kuwi tuwuhe saka tembung Sansekerta *buddayah* kang nduweni arti wujud jamake budi kang tegese *budi* utawa *akal*. Bekker (1990: 15) ngandharake yen kabudayan yaiku alam kudrate dhewe minangka duweke manungsa kuwi dhewe, dadi lumakune wektu, teges budaya uga sajrone kalungguhane arupa kabisane pawongan ing masyarakat kanthi sakabehane. Ora mung kaiket dening prakara-prakara “*naklukake*” alam lan dhaerah sakupenge. Sudikan, (2001:4) gegayutan klawan idhe-idhe, gagaasan, nilai-nilai normal an aturan kabudayan masyarakat Indonesia kuwi ana perangane. Ing kene bisa diperang dadi telu cacahé.

KONSEP MASYARAKAT

Tembung masyarakat wiwitane saka basa arab “syaraka” kang ateges melu tandang gawe lan uga miturut basa latine “society” kang nduweni teges batur. Mula , sing jenenge masyarakat kuwi bisa diarani sawijining golongan kang nduweni sambung rakete lan kawigatene kang padha mligine tumrap kabudayan sajrone kesenian tradhisional.Koentjaraningrat (1990:

143-146) ngandharake yen masyarakat Jawa isih nduweni ciri-ciri utawa titikan. Cacahé ana telu titikan, yaiku kaping pisan nduweni adat lan istiadat. Kaping pindho nduweni norma lan ukum kang bisa ngatur masyarakate. Kaping telune yaiku nduweni sabung raket kag becik sajrone pasrawungan.

Soekanto (sajroning Suwarni, 2011:3) ngenani golongan-golongan sosiale, ngandharake yen masyarakat Jawa kuwi nduweni telung titikan pokok, (1) Masyarakat tradhisional, (2) Masyarakat Madya, lan (3) Masyarakat modern.

KONSEP ANTROPOLOGI

Koentjaraningrat (1980: 180) ngandharake, yen antropologi kuwi ilmu kang nyinaoni ngenani kamanungsan umume kanthi nyinaoni maneka warna, wujud fisik masyarakat sarta kabudayan kang diasilake. Objek antropologi yaiku manungsa sajrone masyarakat suku bangsa, kabudayan lan tumindake. Ngelmu babagan antropologi nduweni ancas kanggo nyinaoni manungsa sajrone masyarakat suku bangsa, kang nduweni tumindak lan kabudayan kanggo amemangun masyarakat kuwi dhewe.

KONSEP SEMIOTIK (Simbolik)

Yusuf (2012: 30) ngandharake, yen semiotic kuwi nyinoni sawijining objek, kadadeyan utawa sakabehe kabudayan minangka tandha. Tandha kuwi minangka sawijining dhasar kesepakatan sosial kang kawangun sadurunge, bisa dianggep makili liyane. Semiotik kuwi ngrembug babagan paugeran-paugeran, konvensi-konvensi kang bisa uga tandha kang nduweni teges. Saka andharan kaya mangkono semiotic kuwi salah sawijine ngelmu kang ana sambung rumakete klawan tandha lan lambang kang ngandhut teges.

KONSEP FUNGSI

Sajrone fungsi kabudayan kuwi cacahé ana loro, yaiku diarani fungsi *manifest* lan fungsi *laten*. Kang kaping sepisan yaiku fungsi *manifest* (fungsi kang ketara) yaiku konsekwensi obyektif kang menehi sumbangan marang *adaptasi* kang dikepingini lan uga disadhari dening *partisipan*. Sabanjure sing kapindho yaiku fungsi *laten* (Fungsi kang ora ketara/*terselubung*) tegese yaiku konsekwensi obyektif saka sawijining perihal budaya kang ora dikarepake lan ora disadhari dening masyarakat.

LANDHESAN TEORI

Kajian kapisan yaiku nggunakake kajian antropologi nggunakake teorine Koentjaraningrat (1980: 180) ngandharake yen ilmu antropologi kuwi ilmu kang

nyinaoni maneka wernane wujud fisik masyarakat sarta kabudayan kang kang diasilake. Kajian kang kapindho yaiku nggunakake kajian Semiotic nggunakake teorine Yusuf (2009: 30) ngandharake yen semiotic kuwi nyinaoni babagan sawijining objek kadadeyan utawa sakabehe kabudayan kang minangka tandha. Dadi teori iki dijumbuhake kelawan objek kebudayaan kang nduweni sifat minangka tandha sajrone kebudayaan masyarakat. Kajian kang kaping telu yaiku nggunakake kajian Filsafat, nggunakake teorine Saryono (2011:72) ngandharake yen filsafat Jawa kuwi minangka filsafat timur kang nduweni fungsi yaiku kanggo nggoleki tujuane panguripan manungsa kanthi dalan keslametan lan kasampurnaning manungsa.

METODHE PANLITEN

Ancangan panliten ngenani KLWW iki mligine kang ditindakake dening paguyuban Campursari Sabdo Budoyo iki nggunakake ancangan panliten dheskriptif kualitatif. Bogdan lan Taylor (Sajrone Moleong, 2011:4) ngandharake ancangan kualitatif minangka sawijine paugeran panliten kang ngasilake dhata dheskriptif.

SUMBER DHATA LAN DHATA PANLITEN

Sumber dhata yaiku sumber kang bisa menehi katrangan arupa informasi marang panliti. Miturut Lofland (sajrone Moleong, 2011: 157) njlentrehake yen sumber dhata kuwi kaperang dadi 2 yaiku ana dhata primer lan uga dhata sekunder. Tegese sumber dhata *primer* yaiku sumber dhata kang mligi kang ana sajroning panliten kuwi dhewe. Banjur yen sumber dhata *sekunder* yaiku sumber dhata tambahan. Banjur kasengkuyung dening Informan pokok Informan tambahan

TATACARA NGUMPULAKE DHATA

Sajrone panliten ing KLWW iki yaiku kanthi nggunakake metodhe panliten dheskriptif kualitatif. Tata carane anggone ngumpulake dhata kang bakal digunakake yaiku nggunakake teknik, wawancara, observasi lan dhokumentasi.

TATA CARA ANALISIS DHATA

Sudikan (2001: 85) ngandharake Teknik analisis dhata kang bakal digunakake sajroning panliten iki yaiku kanthi teknis analisis dheskriptif. Teknik analisis dheskriptif yaiku tatacarane ngoncedi dhata kanthi nggunakake tetembungan lan dudu angka kang bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang antuk saka subjek kang diteliti. Sajroning panliten kualitatif, dhata kang digunakake yaiku kanthi awujud gambar lan ukara dudu angka.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

MULA BUKANE KLWW

Kaping pisan kang njalari tuwuhe kesenian iki yaiku jalaran saka faktor ekonomi. Para buruh tanine kuwi wiwitane amung nduweni bayaran 30.000, yen amung njagakna dhuwit 30.000 cetha yen ora bisa nyukupi kebutuhan keluargane. Jalaran gaji sing ditampa dening para rewang tanine iki cetha yen isih kurang banget yen kanggo nyukupi kebutuhan saben dinane jelas ora nyukupi. Mula Pak Paisan miwiti madekake group kesenian iki. Mula ora gumun yen Paguyuban Campursari Sabdo Budoyo iki pancen akeh-akehe kajupuk saka rewang tanine Pak Paisan. Kaping pindhone kang njalari tuwuhe kesenian iki yaiku jalaran saka faktor agama. Kaping telune kang njalari tuwuhe kesenian iki yaiku jalaran saka faktor ilmu kebatinan kang diduweni dening Pak Paisan. Tuwuhe KLWW iki uga ora luput saka mitos kang ana ing dusun Segunung. Mitos kang tuwuh ing dusun kene iki arupa cerita antarane Dhadhung Awok lan Dewi Sunthi.

WUJUD KANG NGRENGGANI LAN MAKNA SIMBOLIK SAJRONE KLWW SABDO BUDOYO

Ubarampen (Sesajen)

- Cok Bakal

Miturut etimologis tembung Cok bakal kadadeyan saka loro tembung yaiku ana tembung cok lan tembung bakal. *Cok* ditegesi yaiku samubarang utawa sarana kanggo sesajen, yen tembung bakal kuwi kena ditegesi alam. Dadi bisa didudut yen cok bakal yaiku sarana kang sesambungane karo alam. Cok bakal nduweni fungsi kanggo sarat ritual ruwatan sajrone pagelaran KLWW supaya lancar lan supaya ora ana alangan wiwit saka wiwitan nganti adicara kang pungkasan.

- Sandhingan

sandhingan iki nduweni fungsi. Fungsine yaiku kanggo sarana nyegah supaya Si Dhadhung Awok lan Si Reges ora ngganggu pawongan-pawongan kang ana sajrone pagelaran lan sajabane pagelaran.

- Pitik Jawa

Pitik Jawa kang ana sajrone sesajen cok bakal iki kalebu syarat kang ora kena ditinggalake. Pitik Jawa wigati banget jalaran pitik Jawa iki digunakake kanggo sarana mediasi anantara manungsa lan danyang sakiwa tengene adicara ing kunu. Gegayutane karo makna simbolik kang ana sajrone pitik Jawa, kasunyatan yaiku kanggo nyenengake kekarepane dhanyang sakiwa tengene pagelaran supaya ora gangu adicara pagelaran lan ritual kang bakal dianakake lan ditegesi minangka pralambange *pembebasan*.

- Menyan

Menyan yaiku ubarampe sesajen kang digunakake sajrone kesenian Ludruk Wayang Wong kanthi awujud areng kang diwenahi kemenyan. Babagan menyan ing kene nduweni makna simbolik yaiku minangka lambange keharmonisan antara manungsa kelawan Gustine.

- Takir Sengkala

Takir sengkala yaiku sejatine sawijine ubarampen saka cok bakal kang arupa jenang kang dicampur karo gula abang kanthi sasendhok banjur diwenahi beras ketan banjur digodhog sinambi diudheg, nganti nyampur lan dicampur dadi siji. Banjur tegese takir, yaiku tatak ing pamikir. Tegese yaiku dikarepna supaya manungsa kang diruwat iki nduweni pamikr kang padhang lan nduweni pamikir kang lantip ing bebrayan.

- Gedhang Raja

Gedhang yaiku salah sawijine tetanduran kang asring ana ing sakiwa tengene pendhudhuk. Gedhang ing kene minangka dadi pralambang, jalaran Dhadhung awok kuwi bisa melbu ing panganan kayata gedang lan kelapa, mula gedhang lan kelapa iki kudu didadekake ubarampen sajrone cok bakal.

- Godhong Suruh

Godhong suruh yaiku sawijine tanduran kang nduweni fungsi tumrap manungsa. Fungsi kang diasilake dening godhong suruh yaiku kena kanggo tanduran obat-obatan. Dadi godhong suruh iki minangka symbol fungsi, kerukunan lan perdamaian sajrone urip.

- Beras

Beras yaiku sawijine ubarampen sandhingan. Beras yaiku sawijine tanduran kang asring ditandur ing sawah. Mula sajrone sandhingan ubarampen beras iki wigati banget, jalaran beras iki nduweni makna filosofis kang gedhe banget marang panguripane manungsa. Makna simbolik saka beras yaiku minangka symbol kecukupan sandhang lan pangan lan awujud dunga supaya rejeki saya suwe saya akeh.

**MAKNA SIMBOLIK SAJRONE SENI
PAGELARAN LUDRUK WAYANG WONG
DENING SABDO BUDOYO**

a. Dalang Sejati

Dalang sejati yaiku salah sawijine paraga kang utama sajrone pagelaran KLWW. Si Dalang Sejati yaiku sejatine manungsa utawa pawongan utawa kena diarani sesepuh. Sesepuh kuwi pawongan sing dipercaya dening Masyarakat kang nduweni fungsi kanggo komunikasi kelawan zat kang ora katon. Dalang ing kene minangka symbol yen dheweke iki minangka pemimpin kang dipercaya, nduweni pangaribawa ing bebrayan, nduweni pengetahuan kang jembar, lan minangka simbol kejayaane tumrap masyarakate.

b. Bethara Wisnu

Bethara Wisnu kuwi salah sawijine paraga wayang minangka dewane katentreman. Bethara Wisnu minangka pralamabange ati kang suci. Dewa Wisnu nyusup menyang ragane Dalang Sejati. Saka tangane Bethara Wisnu iki mengko kang bakal ngasorake sengkala saka Dhadhung Awok.

c. Dhadhung Awok lan Reges

Dhadhung Awok yaiku salah sawijine paraga kang bisa narik kawigatene para penonton. Dhadhung Awok kuwi yaiku buta kang arupa manungsa setengah kebo lan gandhengane yaiku si Topeng Reges yaiku paraga manungsa kang nggawe topeng sing elek banget. Paraga Dhadhung Awok yaiku putra saka Bethara Guru karo lembu Nandini, Dhadhung Awok dadi pralambange hawa nafsu jalaran dheweke lair saka hawa nafsune Bethara Guru. Sejatine Reges kuwi gegambarane manungsa kang wus kalebon dening hawa nafsu saka Si Dhadhung Awok. Dumadine kaya Si Reges, salah sawijine paraga kang angel ditata.

d. Piranti Panah lan Kain Putih

Piranti arupa kain putih iki uga nduweni lambang, fungsi, lan maknane. Kain putih kuwi minangka pralambange getih putih. Getih putih iki tegese yaiku banyu sing mageri ana ati. Panah iki uga nduweni sawijine fungsi yaiku minangka mbentengi ati kang suci.

e. Gamelan

Gamelan ing kene fungsine yaiku minangka pangiring ruwatan lan pangiring lakon. Sajrone pangrembakane jaman islam ana ing tanah Jawa, gamelan minangka sarana akulturasi antarne nilai kang kinandhut sajrone pesan budaya kelawan nilai islam. Seni di gunakake minangka sarana media transformasi nilai agama lan pemahaman *empiric*, tuladhane ana ing cakepan sindhenan.

f. Banyu Kendhi

Banyu kendhi ing kene yaiku kanthi pawujudan kendhi kang di isi karo banyu bening banjur disiramna marang si bocah kang bakal diruwat. Siraman Sabdapandhitaratu ing kene tegese yaiku sabda ateges ucapan. Teges sejatine yaiku supaya bocah kang diruwat iki nduweni ucapan sing becik, kalebu ucapan wong tuwa lan ucapane anake. Banjur Pandhita Ratu ing kene ditegesi yaiku Pandhita tegese bapak lan Ratu tegese ibuk. Teges sejatine yaiku njaga pangucap wong tuwa lanang lan wong tuwa wedok supaya bisa njaga pangucap sing bener marang anak.

g. Tali

Pawujudan piranti arupa tali iki ditegesi Tali Nur utawa Cahaya keslametan. Tali putih ing sajrone pagelaran iki yaiku dadi senjatane Si Dalang Sejati kang antuke saka Sanghyang Bethara Wisnu. ali sajrone

pagelaran iki nduweni makna simbolik yaiku minangka Nur kang tegese cahya keslametan kang antuk saka Bethara Wisnu kang kanggone njaga keslametan lan katentreman manungsa.

h. Tari Rema

Tari ngrema minangka salah sawijine ikon tari tradhisional saka Jawi Wetan kang wus dikenal dening masyarakat lan uga asring digelar minangka tari pambuka utawa kanggo ngaturaken sugeng rawuh sajrone samubarang adicara.

i. Jidor

Senadyan dudu piranti kang utama, nanging alat musik iki nduweni fungsi kanggo jidoran komedi jaranan lan jidoran rema. KLWW nggunakake piranti musik jidor kanggo ngislamake masyarakat. Babagan kasebut amarga jidor minangka salah sawijine piranti musik titikane agama islam.

j. Kendhang

Kendhang yaiku salah sawijine piranti musik kang digawe saka kulit kewan. Jinis kendhang kang digunakake yaiku kendhang Jawa Timuran. Kendhang tegese yaiku kena digadhang. Tegese kena digadhang yaiku nduweni pangajab bisa digadhang-gadhang mbesuke supaya bisa migunani nalika dadi pemimpin.

k. Panggung

Panggung yaiku salah sawijine papan panggonan kang digunakake mentasake salah sawijine paagelaran. Sajrone KLWW panggung kuwi nduweni teges dhewe. Panggung sajrone KLWW yaiku "Pangecake Sang Maha Agung".

TATARAKIT KLWW DENING PAGUYUBAN CAMPURSARI SABDO BUDOYO.

No	Keterangan	Tata Rakit
1	Pra-Pambuka	a) Narik janur beras kuning b) Menehi japa mantra
2	Pambuka	a) Tayuban lan Campursarian b) Tari Pucukan c) Pasewakan Untara Segara d) Dalang Sejati madhep Bethara Wisnu
3	Ruwatan	a) Dalang Sejati ngruwat b) Bocah kang diruwat c) Ruwatan Sabdo Pandhita Ratu d) Dhadhung Awok mungsuh Bethara

		Wisnu
4	Inti	a) Komedi Jaranan b) Tari Ngrema c) Bedhayan Sari d) Dagelan e) Sambung Lakon Wayang Wong
5	Panutup	a) Lakon Ludruk sabendinan b) Metune Dhadhung Awok saka ragane bocah uger-uger lawang utawa bocah kang diruwat
6	Tema Pagelaran	a) Cerita Murwakala

FUNGSI LAN MAKNA SAJRONE PAGELARAN KLWW ING KABUPATEN JOMBANG

KLWW ing kabupaten Jombang iki minangka salah sawijine kesenian kang anyar ana ing sajrone masyarakat. Kesenian iki nduweni fungsi tartamtu kanggo kahanan urip ing bebrayan kang wis menehi panyengkuyung. Fungsi iki yaiku nduweni fungsi *manifest* lan fungsi *laten*. Fungsi *manifest* yaiku fungsi kang nduweni konsekuensi objektif kang menehi sumbangan anggone adaptasi kang disadhari dening masyarakat sistem kasebut. Fungsi *laten* (Fungsi kang ora ketara) yaiku fungsi *konsekuensi* objektif saka sawijining ihwal budaya kang ora dikarepake lan ora disadari dening masyarakat.

a. Fungsi *Manifest* (Fungsi Pokok)

Fungsi *manifest* kang ana sajrone KLWW, yaiku 1) hiburan marang para warga, 2) sarana panggulawenthah, 3) sarana nguri-uri kabudayan Jawa, lan kang pungkasan yaiku 4) Nuwuhake rasa guyub rukun marang sapa dha.

b. Fungsi *Laten* (Fungsi Nyimpang)

Kajaba saka fungsi *manifest*, uga ana fungsi *laten*. Fungsi *laten* sajrone KLWW iki yaiku, kayata : 1) Mangan ngluwihi jatah, 2) Nuwuhake wong omben, 3) Paraga kurang sinau. Fungsi *laten* ing kene ngrugekake masyarakat kang nonton pagelaran kesenian ludruk.

WUJUD OWAH-OWAHANE KESENIAN LUDRUK DENING PAGUYUBAN CAMPURSARI SABDO BUDOYO.

Ludruk jaman nalika semana lan saiki tamtune wis akeh banget pamedane. Pamedane iki bisa kadheleng saka anane nalika pagelaran lan saka anane inovasi-inovasi anyar. Kang Owah yaiku Sandhingan, Cok Bakal, Wadhah Menyan, Kendhi, Basa, Pamaragan, Tata Busana, Tata piranti, Karawitan, Gendhing.

N o	Aspek	Mbiyen	Saiki				horen
1.	Sandhingan	a) Kelapa Tuwa b) Kembang Setaman c) Endhog d) Beras kuning e) Bubur jenang sengkala f) Jajan pasar g) Gedhang raja	a) Sandhingan jaman saiki luwih ringkes b) Nalika semana nggunakake gedhang raja, nanging saiki nggawe gedhang saba. c) Wadhah sandhingan nalika semana nggunakake besek, nanging saiki nganggo wadhah ember utawa plastik d) Nalika semana takeran beras padha karo takerane zakat, ananging yen saiki waton ana berase lan saiklase e) Endhog pitik Jawa kuwi nalika semana, nanging yen saiki nggunakake endhog	2.	Cok Bakal	a) Nalika semana cok bakal nggunakake wadhadh kang arupa takir, banjur di iseni bumbu jangkep. Bumbu jangkep ing kene tegese bumbu pawon. b) Cok bakal nalika semana diwenahi wadhah lan lemek saka godhong gedhang	a) Sejatine jaman saiki ora sepira adoh karo nalika semana, nanging cacahé bumbu wae kang biasane di kurangi. b) Jaman saiki amung diwenahi lengser. Lengser yaiku jinise tampah nanging kagawe saka alumunium lan nganggo lemek kertas minyak c) Banjur lawuhe diwadhahi samir kang wis dadi lan ginawe saka mika utawa saka kertas.
				3.	Menyan	Nalika semana menyan dicampur karo areng lan diwadhahi perapen	Jaman saiki isih nggunakake areng lan menyan, nanging wadhah kang digunakake sakanane wae, tuladhane saka asbak, gentheng.

			Waton wadhah kuwi ora gampang kobong.			ludruk kang paling akeh yaiku pawongan lanang, uga ana banci. Banci tegese pawongan lanang kang macak dadi pawongan wadon	campurane. Ana paraga lanang, ana paraga wadon, lan uga ana bancine. Ludruk tanpa anane banci pancen ora bisa nyenengake.
4.	Kendhi	Nalika semana yen ana tumpengan, gandhengane yaiku ngombe banyu karo diwadhahi kendhi	Nanging yen jaman saiki wus ora nggunakake kendhi maneh kanggo wadhah banyu ngombe, nanging amung nggunakake saiki wus bisa nggunakake ceret utawa teko, jalaran luwih kritis. Kang isih nggunkake banyu kendhi yaiku amung kanggo ruwatan arupa siraman banyu kendhi.			b) Cacahe paraga mung sawates c) Padatane paraga dikebaki karo pawongan kang wus tuwa	b) Cacahe paraga ora diwatesi, nanging waton cukup kanggo paraga pengrawit, Paraga lakon, lan Crew tata panggung lan sapanunggalane c) Paraga ing jaman saiki wis kecampuran generasi nom-noman. Dadi katon jangkep wiwit nom-noman nganti paraga kang wus sepuh
5.	Basa	Basa kang asring digunakake ke ludruk nalika semana isih nggunakake basa khas dialeg Jawa Timuran	Nanging ing jaman saiki nane kemasane ludruk wayang wong, dadi basa kang digunakake campuran antarane dialeg Jawa Tengahan lan dialeg Jawa Timuran				
6.	Paraga	a) Nalika semana paraga	a) Nanging ing jaman saiki akeh paraga			Nalika semana tata busanane ludruk isih sederhana	Nanging ing jaman saiki akeh owah-owahan. Tuladhane ana buto. Buto
				7.	Tata Busana		

		. Tegese wusanane padha karo sabendina n	nggunakake kostum gimbal, banjur uga ana tata busana Ratu utawa kadewatan tuladhane nggunakake sampur, blangkon, lan kostum kang aneh-aneh, lan banjur uga ana kostum khas ludrukan, tuladhane kaos lorek-lorek abang			wus tuwa. Katitik saka iringan iringan amung Julia-juli lan Krucilan	wayang wong iki kecampuran iringan wayang Jawa timuran. Tuladhane Lcr. Bebaya Jawa Timuran, Ayak nyanga, ayak 8, Julia-juli santak, krucilan, lan lancaran garapan. Anacase supaya pagelaran luwih rame.
8.	Tata Piranti	Nalika semana piranti kang digunakake sajrone ludruk isih sawates tuladhane amung lincak, pedang, lan barang-barang padasan	Nangingyen saiki piranti wis akeh banget, tuladhane disengkuyung dening lighting utawa variasi lampu, kain putih, panah kadewatan, mercon lan sapanunggalane.	Faktor-faktor kang Njalari Owah-owahan Pagelaran. - Faktor internal Faktor internal utawa diarani faktor saka njero iki tegese yaiku faktor kang dumadi saka sajrone kesenian ludruk iki dhewe. Kayata owah-owahan piranti Cok Bakal, owahan cok bakal ing kene yaiku piranti kang disuguhake ing cok bakal ora kudu jangkep kaya jaman nalika semana, kang njalari ora kudu jangkep yaiku jalaran ana saperangan piranti kang saiki wis jarang ana ing sakiwa tengene desa. Mula para seniman ngowahi. - Faktor eksternal Faktor saka njaba utawa eksternal yaiku faktor kang dumadi saka sajabane tradhisi lan masyarakat kang nindakake KLWW. Nanging sajrone KLWW iki kalebu mjudake proses akulturasi. Babagan wujud akulturasi ing kene yaiku kanthi nggabungke unsure wayang lan ludruk. Sejatine pakem wayang ana aturan dhewe, semana uga ludruk nduweni pakem dhewe. Kanthi anane akulturasi, bisa ndadekake kesenian anyar yaiku anane KLWW.			
9	Pengrawit	Pengrawit lan iringan nalika semana isih sawates. Sawates tegese katitik saka pengrawit, pengrawit e rata-rata pawongan kang	Ing jaman saiki akeh banget owah-owahan. Katitik saka pengrawit jaman saiki akeh nom-nom wis belajar nabuh gamelan. Katitik saka iringan, iringan ludruk	Upaya nglestarikake KLWW. Dinas PARBUPORA wus menahi panyengkuyung kang kuat banget marang KLWW iki. Nganti pihak Dinas PARBUPORA menahi biaya proses, fasilitas, nganti anane promosi lumantar medhia sosial. Sawijine upaya kang wus diwujudake yaiku kanthi cara ngenalake. Tegese ngenalake ing kene yaiku para seniman KLWW iki miwiti ngenalake marang pawongan sajeroning lan sajabane Sanggar, tuladhane nggawe plang promosi kang diseleh ana ing sangarepe sanggar. Cara kang kapindho yaiku kanthi cara			

memodifikasi cerita. Cara kaping telu yaiku kanthi nganakake pagelaran saben tahun, Cara kaping papat yaiku lumantar pelatihan. Dilaksanakake yaiku kanthi cara mawa teks luwih dhisik. Gladhen maca kuwi wigati banget tumrap pawongan kang isih anyar ing sajrone pagelaran, intine supaya bisa nglatih ngomong basa Jawa kanthi bener tur uga pener. Latihan ing kene dianakake seminggu sepisan kalebu paraga lan uga pengrawit.

Sekabehane kuwi banjur diwenahi wadhah yaiku papan panggonan latihan ana ing sanggar. Arane sanggar kuwi yaiku Sanggar Sabdo Budoyo. Sanggar kang diwangun iki nduweni pangajab supaya bisa tansah madhahi ekspresi para seniman lan uga kena kanggo gladhen kesenian. Ora amung gladhen KLWW wae, nanging uga kena kanggo gladhen karawitan, ludruk, wayangan lan uga sapanunggalane. Sekabehane iki dilakoni dening Pak Paisan supaya KLWW iki bisa tansah lestari lan ora gampang kepangan pangrembakane jaman.

PANUTUP DUDUTAN

Saka andharan data kang wus diandharake ing bab-bab sadurunge mula bisa didudut yen KLWW iki dianakake saben acara-acara tartamtu. KLWW dianakake panggonan tinarbuka mligine sakiwa tengene Kabupaten Jombang. Adicara KLWW luwih mligi marang adicara ruwatan sengkala utawa kanggo upacara ritual. Ngenani mula bukane KLWW iki yaiku saka pamawase Pak Paisan kelawan kanca rewang tanine sing bayarane kurang kanggo nyukupi kebutuhan sabendinane, banur anane mitos kang ana ing dhusun segunung desa Jombok lan uga anane KLWW iki disengkuyung dening para seniman liyane supaya ludruk tansah ngrembaka. Seniman kang nyengkuyung KLWW iki disengkuyung dening para seniman ludruk lan seniman pedalangan. Mula KLWW iki bisa jumeneng lan bisa antuk NIK (Nomor Induk Kesenian) saka Dinas PARBUPORA Kabupaten Jombang.

Wujud kang ngrenggani sajrone KLWW kayata:

1) Ubarampe kang digunakake sajrone KLWW yaiku cok bakal kang isine ana endhog pitik Jawa, godhong suruh, kelapa, gedhang raja, menyan lan tumpeng cilik utawa tumpeng setakir. Ora amung cok bakal wae, nanging uga ana sandhingan. Sandhingan iki isine yaiku ana beras, gedhang kelapa, lan bumbu masak jangkep. Anatarne Cok Bakal lan Sandhingan kuwi ana fungsine kang beda. Fungsine cok bakal yaiku kanggo piranti ritual lan ruwatan, nanging yen sandhingan kuwi fungsine yaiku kanggo sarana nyegah supaya kala ora ngganggu pawongan-pawongan kang ana sajrone pagelaran lan sajabane pagelaran. Banjur piranti-piranti

kang nduweni makna simbolik ing sajrone KLWW yaiku ana piranti kang awujud alat lan awujud gambarane paraga. Piranti kang nduweni makna simbolik yaiku ana Dalang Sejati, Bethara Wisnu, Dhadhung Awok lan Reges, Panah, Kain Putih, Gamelan, Banyu Kendhi, Tali Putih (Tali Nur)

Tatarakit sajrone KLWW iki pancen rada akeh banget lan tumata banjur diurut-urutane kaya mangkene : 1) Pra-Pambuka, 2) Pambuka, 3) Ritual Ruwatan, 4) Inti, 5) Panutup. Fungsi kang utama sajrone KLWW yaiku dibagi dadi rong perangan, yaiku ana fungsi manifes lan lan fungsi laten.

Banjur wujud owah-owahan kang ana sajrone KLWW lumayan rada akeh, jalaran KLWW iki kalebu kesenian kang anyar lan supaya ana bedane antarane ludruk nalika semana lan ludruk ing jaman saiki. Babagan kang ana owah-owahan yaiku sajrone Sandhingan, Cok Bakal, Wadhahe Menyan, Kendhi, Tata Basa, Pamaragan, Tata Busana, Tata Piranti, Pengrawit lan Iringan. Sekabehane owah-owahan mesthi ana faktor-faktor kang njalari anane owah-owahan. Faktor-faktor kuwi mau diperang dadi loro yaiku ana faktor Internal anfaktor eksternal. Anane KLWW iki uga akeh banget unsure-unsur kang melbu sajrone KLWW lan uga KLWW iki antuk pamawas kang apik saka masyarakat sakiwa tengene lan masyarakat panyengkuyunge.

PAMRAYOGA

KLWW iki yaiku salah sawijine budaya kang wigati banget kanggo dilestarekake lan perlu anane pembinaan kang luwih jeru maneh, ancase yaiku supaya kesenian tradhisional iki ora gampang musna utawa ilang, sekabehane kudu disengkuyung kanthi tumata lan becik. Mula saka kuwi kudu tuwuh kesadharane saka masyarakat panyengkuyunge mligine masyarakat Jombang sing pancen dadi gudhange seniman ludruk.

Panulis luwih ngandharake ngenani makna simbolik kang ana sajrone masyarakat lumantar Kesenian Ludruk Wayang Wong. Panulis nduwe kekarepan lan pangajab supaya ana panliten kang luwih apik lan sampurna sarta luwih jembar andharane lan luwih gamblang kajiane.

Panliti menehi saran, yaiku: (1) supaya ana usaha dhokumentasi kabudayan tradhisional kang ngrembaka ing tlatah Kabupaten Jombang saengga bisa ngrembaka nganti saiki lan sateruse; (2) kanggo ngelingake “Kesenian Ludruk Wayang Wong” minangka sawijine kesenian tradhisional kang nduweni teges lan fungsi kanggo masyarakat sakupenge nganti dina tembe.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Basir, Udjang Pr. M. 2011. *Keterampilan Menulis. Dasar Menulis Ilmiah dalam Tulisan Latin dan Jawa (Pengantar Teori dan Praktik)*. Surabaya : Bintang Surabaya
- Bakker SJ, JWM. 1990. *Filsafat Kebudayaan-sebuah kata pengantar*. Jakarta: Kanisius
- Danesi, Marcel. 2011. *Pesan, Tanda Makna. Teks Dasar Mengenai Semiotika dan Teori Komunikasi*. Yogyakarta : Jalasutra
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Heraty, Toety. 2013. *Aku Dalam Budaya-Telaah Teori dan Metodologi Filsafat Jawa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Kaplan, David & Maners, Albert.A. 2002. *Teori Budaya*. Terjemahan Landung Simatupang. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Koesbandrijo. 2007. *Menggali Filsafat dan Budaya Jawa*. Jakarta: Prestasi Pustaka
- Koentjaraningrat.1980. *Pengantar Ilmu Antopologi Budaya*. Jakarta : Rineka Cipta.
- _____. 1990. *Masyarakat Jawa*. Jakarta: Rineka Cipta
- Kontjaraningrat. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi Edisi Revisi*. Jakarta : Rineka Cipta
- Moleong, Lexy J. 2011. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : Remaja Rosdakarya.
- Maran, Rafael Raga. 2000. *Manusia dan Kebudayaan. Dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa Rekonstruksi Normatif Idealis*. Malang: Aditya Media Publishing.
- Soedarsono. 1983. *Seni Pertunjukan Indonesia di Era Globalisasi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa* :Surabaya : Universitas Negeri Surabaya.
- Suwarni & Widayati. 2011. *Dasar-dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Bintang.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya : Citra Wacana
- Teew, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta : Pustaka Jaya.
- Herusatoto, Budiono. 2011. *Mitologi Jawa*. Depok : ONCOR Semesta Ilmu
- Sari, Catharina Agnes Dina. 2014. *Kesenian Bantengan*. Surabaya:..Skripsi Universitas Negeri Surabaya.
- Varinda, Nonie Boedi. 2015. *Kesenian Kentrung*. Surabaya : Skripsi Universitas Negeri Surabaya.
- Yusuf. 2012. *Pesan, Tanda, Makna, dan Fungsinya: Mengenal Konsep Semiotik*. Jakarta: Jalasutra.
- Ekawati, Nurhaeni Putri. 2012. *Fenomena Ludruk Remaja ing Surabaya : Skripsi Universitas Negeri Surabaya*.
- Wibisono, Tri Broto. 2015. *Tari Ngremo. Catatan dari Pangung Kepanggung*. Surabaya : Dewan Kesenian Jawa Timur